

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #3



Pale ak pitit ou a nan lang matènèl ou (yo) epi pataje kilti ou yo ak eksperyans ou yo ak li ap ede li ranfòse aprantisaj anglè li. Sèvi ak jwèt ak aktivite amizan sa yo nan nenpòt lang pou favorize devlopman langaj yo an jeneral.



Pale

Bon oratè fè yon jan pou vwa yo parèt natirèl pandan y ap li, kòm si y ap fè yon konvèsasyon. Ede pitit ou a devlope konpetans li nan kad langaj oral ak aktivite amizan sa a.

1. Travay ansanm pou chwazi yon tèks kout pou li kapab li byen fò.
2. Fè yo antrene pou yo pale klè epi ak ekspresyon.
3. Lè sa a, ankouraje yo anrejistre tèt yo pou kreye liv odyo pou zanmi ak fanmi.



Bouje

Planifye yon soti fè magazen ak pitit ou a. Ansanm, fè yon lis bagay pou achte. Envite yo mande w atik pou ajoute nan lis la.

Egzanp:

Èske nou ka achte bonbon?

Wi, nou ka achte bonbon.

Lè w fini fè magazen an, mande yo pou yo di w sa ou te achte yo. Ankouraje yo pou yo fè fraz konplè. Sèvi ak pwopozisyon sa yo pou gide konvèsasyon an:

- Kisa nou te achte?
- Nou te achte _____.



Kabin Foto

Ale deyò epi fè foto diferan plant. Lè sa a, pale de diferan pati nan chak plant yo.

Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Èske plant lan gen fwi?
- Èske plant lan gen legim?
- Èske plant lan gen pikan?
- Èske plant lan gen flè?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.



Triyaj wo nivo

1. Fè chak jwè chwazi oswa desine yon atik ki baze sou tanperati.
2. Konpare atik chak jwè te chwazi oswa desine yo epi klase yo nan lòd kwasan selon tanperati a (cho, pi cho ak sa ki pi cho a).
3. Epi, klase atik yo nan lòd dekwasan selon tanperati a (frèt, pi frèt, sa ki pi frèt la).

Pwochèn fwa a, chwazi atik yo nan yon lòt fason.:


- gwo (pi gwo a, pi piti a)
- vitès (pi rapid la, pi lan an)
- wotè (pi wo a, pi kout la)

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #3



Moman Tounwa



òganize yon tounwa pwezi! Chak konkiran ta dwe jwenn yon powèm sou entènèt kote powèt la ap li fò epi kreye yon tablo klasman, tankou sa yo itilize nan faz eliminatwa baskètbòl yo, ak tit powèm yo olye de non ekip yo. Alò, chak konkiran ta dwe li powèm yo fò. De (2) konkiran yo ta dwe chwazi koresponn youn kont lòt. Fè manm fanmi an vote pou chanpyon tounwa a.



Laboratwa Pratik Koute

Li byen fò oswa rakonte yon istwa. Ou ka pale de:

Yon kote ki enteresan

Peyi orijin ou

Ede kominote a

Bèt yo

Yon envantè

Yon moun nan listwa

Epi poze kesyon:

- Poukisa _____ vin yon _____?
- Konbyen fwa _____?
- Poukisa _____ oblije _____?
- Kijan _____ te santi konsènan _____ a?
- Kisa _____ ap fè _____ pwochen?
- Kisa ki te pase an premye/dènye?
- De kisa istwa a pale prensipalman?
- Kisa ou wè nan tèt ou?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Poukisa Ellen Ochoa te vin yon astwonot?

Li te vin yon astwonot paske li te vle eksplòre lespas.



Atelye Atizay

1. Jwenn papye ak zouti pou kolorye.
2. Tou a tou, fè desen sa ou te fè maten/aprèmidi/aswè.
3. Aprè chak tou, poze kesyon sou imaj yo. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:
 - Kòman maten/aprèmidi/sware ou te ye?
 - Kisa ou te fè?
 - Kisa w panse de _____?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Mwen te pase yon bon moman nan emisyon an.

Mwen te ale wè chantè mwen pi renmen an ap pèfòme.

Mwen te kontan tandè l ap k ap chante an dirèk

